ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭБЗЭМ ТОПСЭЛЪЫХ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№239 (21.647) ● 2009 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 18, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм щэкIуагъэуэм и 17-м кыдыгъэкIа Указ№144-УП-мкIэ кьыщтахэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым, а Советым теухуа Положениэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и Iуэхуи Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм щэкIуагъэуэм и 17-м кыдигъэкIа Указ №144-УП-мкIэ кьыщтахэм кыыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1) Положениэм:

а) пункт 2.1-м и екIанэ абзацым кIэлъыкIуэ абзацыщIэхэр дэщIыгъуэкIи мыпхуэдэу иту:

«коррупцэ щымыгъэIэным, абы ебэныным хуэгъэза къэрал политикэр гъэзэщIэным хуэфащэ Iуэхуэхэр гъэхьэзырыныр;

коррупцэ щымыгъэIэным хуэгъэзауэ къэрал властым и республикэ органхэр гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я щIыналъэ органхэм, щIыпIэ самоуправлениэм и органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм зэрадолажьэр убзыхуныр;

экономикэр къэзылъхьэ мыхьэмыщIагъэхэр къэхъмыгъэхъуным, ахэр и эмаиным кIыгъэтегъуэвыIэным икIи апхуэдэ зэкIэлъымыкIуэгъэхэр кьыщIэхъуэ щхьэусыгъуэхэр гъэкIуэдыным хуэунэтIа Iуэхуэхэр гъэхьэзырныр;»;

б) пункт 2.2-м и етIуанэ абзацым хэт «жылагъуэ шынагъуэншагъэм,» псалъэхэм кьакIэлъыкIуэхэм дэщIыгъуэкIи «коррупцэм пщIэтIыным,» жиIэу;

в) пункт 5.2-м:

ещанэ абзацым дэщIыгъуэкIи «, коррупцэ щымыгъэIэнымрэ абы ебэныныжрэ хуэунэтIауэ иратыгъуэкIыгъэ къэрал политикэр пхыгъэкIыныр» жиIэу;

еинэ абзацыр мы кьыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэ кьызэгъэпэщIынымкIэ, коррупцэм пщIэтIынымкIэ стратегиер убзыхуным и бгъэдыхьэкIэхэр егъэбеджьалы, мы Iэнатlэм и щыгъуэкIэр къэзыгъэлъагъуэ Iуэхуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым гъэ кьэ Парламентым зэрызыхуигъазэм кьыщигъэсэбэным папщIэ иретэр»;

г) пункт 6.4-р мы кьыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«6.4. Ведомствоэхэм эдэй комиссэу эзымыууэ лажьэхэм экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэ кьызэгъэпэщIынымкIэ, коррупцэм пщIэтIыным теухуа Iуэхугъуэ нэхъыщIэхъэмрэ чинджащхэмрэ Советым папщIэ зэгухьанныгъэ, экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэ кьызэгъэпэщIынымкIэ, коррупцэм пщIэтIынымкIэ республикэ программэхэр, Советым и унафэхэр гъэзэщIэнымкIэ къэрал властым и республикэ органхэм, гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я щIыналъэ органхэм, щIыпIэ самоуправлениэм и органхэм, жылагъуэ зэгухьанныгъэхэм зэрадолажьэр убзыхуныр;

экономикэр къэзылъхьэ мыхьэмыщIагъэхэр кьызэмыгъэхъуным, ахэр и эмаиным кIыгъэтегъуэвыIэным икIи апхуэдэ зэкIэлъымыкIуэгъэхэр кьыщIэхъуэ щхьэусыгъуэхэр гъэкIуэдыным хуэунэтIа Iуэхуэхэр гъэхьэзырныр;»;

б) пункт 2.2-м и етIуанэ абзацым хэт «жылагъуэ шынагъуэншагъэм,» псалъэхэм кьакIэлъыкIуэхэм дэщIыгъуэкIи «коррупцэм пщIэтIыным,» жиIэу;

в) пункт 5.2-м:

ещанэ абзацым дэщIыгъуэкIи «, коррупцэ щымыгъэIэнымрэ абы ебэныныжрэ хуэунэтIауэ иратыгъуэкIыгъэ къэрал политикэр пхыгъэкIыныр» жиIэу;

еинэ абзацыр мы кьыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэ кьызэгъэпэщIынымкIэ, коррупцэм пщIэтIынымкIэ стратегиер убзыхуным и бгъэдыхьэкIэхэр егъэбеджьалы, мы Iэнатlэм и щыгъуэкIэр къэзыгъэлъагъуэ Iуэхуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым гъэ кьэ

● Дыгъуасэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Пенсэм хагъахъуэ

Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и правленэм и зэIуIуд «Синдикэнитур-хьэщIэщым дыгъуасэ щыIэхэтащ. Абы 2009 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм щыхэплъэжри, етIанэрэ къыпэщытхэр щаубзыхуащ.

ЗЭIУIЩIР иригъэкIуэкIащ Урысейм и Пенсэ фондым и Тхьэмадэ **Дроздов Антон**. Абы хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэ ЮФО-м щыIэм и къуэдзэ **Жуков Владимир,** Урысей Федерацэм Узынщагъэр хьэмэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм социальнэ страховании зегъэужьыныжмкIэ, къэрал хасэзэпэщIынымрэ гъэмкIэ и Департаментым и нэхъыжьыб **Афанасьев Сергей**, ФедерацэмкIэ Советым БюджетымкIэ и комитетым и унафэщI **Бушмин Евгений**, Социальнэ страхованиэмкIэ фондым и Iэтащхьэ **Калашников Сергей**, Къэрал Думэм Iэжьыгъэрэ социальнэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Повиков Клаpэ**, КъБР-м и Правительствэм и Тхьэмадэ **Меркулов Александр,** республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэхэр, Пенсэ фондым и щIыналъэ къудамэ псоми я унафэщIхэр.

ЗэIуIуд щыIэтпсэлъыхьащ 2010 гъэм щышыIэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ пенсэхэм зэрырагъахьэуэну щыгъэмкIэ и Департаментым и нэхъыжьыб **Афанасьев Сергей**, ФедерацэмкIэ Советым БюджетымкIэ и комитетым и унафэщI **Бушмин Евгений**, Социальнэ страхованиэмкIэ фондым и Iэтащхьэ **Калашников Сергей**, Къэрал Дум

Республикэм Ислъэсыщ1э псейм и гуфIэгъуэр щегъэкIуэкIыным и Iуэхуки1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэмрэ я Унафэ

№306-ПП/22-2-р 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м

ШколакIуэхэм я щIымахуэ зыгъэпсэхугъэр зэщIэгъэзыIуаУэ егъэкIуэкIыным мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм и советым и президиумымрэ унафэ ящI:

1. Республикэ Ислъэсыщ1э псейм и гуфIэгъэр 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м щыщIэдзауэ 2010 гъэм щIыщIыпIэм и 5-м нэсыкъ Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэу Налшык къалэм дэтым щегъэкIуэкIын икIи абы бгъэдэлъ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и курыт еджапIэхэм я 1 - 7-нэ классхэм щIэс сабийуэ 10000 къеГъоблэгъэн.

2. Республикэм Ислъэсыщ1э псейм и гуфIэгъэр щегъэкIуэкIыным пыщIа Iэхуэхэм текIуэдзныр сом мин 1477.0-рэ хъуурэ къэщтэн икIи абы щыщу къыхеГъэлъэхэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм - сом мин 1050,0-рэ;

проз1э организацэхэм - сом мин 427,0-рэ.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкl1э и министерствэм (Быр Б. А.) хуэгъэувын 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым «Социальнэ политикэр» и Iыхьэм «Щ1ыхьэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етыныр» и Iыхьэ хуэдэм хиубыдэ ахъщэм щыщу ищ1ыхь1э къыщыгъэлъэгъуэ мурадкIэ тригъэкIуэдэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм сом мин 1050,0-рэ хуэхиныж.

4. Республикэм Ислъэсыщ1э псейм и гуфIэгъэр щегъэкIуэкIыным кIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэмрэ я Iуэхум текIуэдзну ахъщэм и сметэмрэ мы Унафэм и гуэдзэнхэм зэритым хуэдэу къэщтэн.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкl1э и министерствэм (Фыырэ Р. Б.) хуэгъэувын 2010 гъэм и Ислъэсыщ1эр гъэлъапIэныкIэ лэжьыпхъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм щегъэкIуэн щIыпIэу игъэхьэщыпу дыгъэгъазэм и 10-м нэсыкъ къызэгъэпэщакIуэ комитетым иритыну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Уэнэфыгъэхэр зхъмэнымкIэ и министерствэм (Бицу В. Г.) хуэгъэувын республикэ Ислъэсыщ1э псейм и гуфIэгъэр Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм щыщагъэлъапIэ махуэхэм абы медицинэм и Iуэхущ1апIэ п1алъэкIэ къыщыгъэгъэпэщыну.

7. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ я къалэ округхэмрэ я администрацэхэм чэнджэщ етын:

ильэсыщ1эм ехьэлIа къалэ, районыгъэ гуфIэгъэр егъэкIуэкIыныкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетхэр къызэрагъэпэщыну;

къызэгъэпэщакIуэ комитетхэм чэнджэщ етын:

Ислъэсыщ1эр гъэлъапIэныкIэ лэжьыпхъэхэр яубзыкъу республикэ Ислъэсыщ1э псейм и гуфIэгъэр егъэкIуэкIыныкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м нэсыкъ Iэрагъэхьэну;

мафIэс къэмыгъэхъуныкIэ лэжьыпхъэхэм жэуап зыхь къулыкъущ1эхэмрэ еджакIуэхэмрэ щыгъуэзэ ящIыну.

8. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм (Тюбеев А. И.), профсоюзхэм я республикэ комитетхэм, профсоюз жьыгъэ-гъэсакIэхэм я пщ1э илъэхьэн, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм чэнджэщ етын:

ильэсыщ1э гуфIэгъэхэм псом япэу унагъуэ хэмыщIахэм, сабий куэдзэрэ унагъуэхэм сабий зеиныжьхэр, нэмысыдкIыгъэхэр, интернат-школхэм щеджэхэр Iэрагъэблагъэну;

ильэсыщ1э тыгъэхэр къэралым и жьауэм щIэт икIи хэхаугъ социальнэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкIуэ сабийхэм ираты папщIэ лейуэ ахъщэ къызэщIагъэуIуэну;

ильэсыщ1э гуфIэгъэхэр, пщадджьажь зэхуэсхэр жылагъуэхэм, лэжьапIэхэм, еджапIэхэм щрагъэжьагъэныр къызэрагъэпэщыну.

9. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятэхэм, организацэхэм, Iуэхущ1апIэхэм чэнджэщ етын езыр предприятэхэм (организацэхэм) я ахъщэхэр щыщ1ыпIэ ахъщэхэр къыщыхуэ ильэсыщ1э тыгъэхэр сабийхэм хуащIыну.

10. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм (АфIэунэ А. М.), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хъыбарегъащ1э Iэнатl1эхэмкIэ, жылагъуэ загурыныгъэхэм ядэлэжьанымкIэ, щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкl1э и министерствэм (Пащ1ы Б. С.), профсоюзхэм я «Урысей» республикэ физкультура-спорт зэгуэныгъэм (Тау Хь.Т.) ахуэгъэувын еджакIуэхэм я щIымахуэ зыгъэпсэхугъуэм сабий куэд зыхэт спорт зохьэзэхуэхэр, узынщагъэр гъэбыдэным хуэунэтIа Iуэхуэхэр ирагъэкIуэныну.

11. Урысей Федерацэм Гражданэ зыхъумэжьныгъэм и Iуэхуэмкl1э, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, гузэвэгъуэхэм я гъэзэжьыныкIэ и министерствэм и Управленэ хъыщ1ыкъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм (Шагин С. И.) чэнджэщ етын мафIэс къэмыгъэхъуным и гъэныкъуэкIэ щыIэ ныкъусаныгъэхэр и зэманым къыщIигъащ1экIи игъэзэкIуэжын, апхуэдизу республикэ Ислъэсыщ1э псейм и гуфIэгъэр щрагъэкIуэкI зэманым мафIэсым и шынагъуэ къимыгъэхъуныр папщIэ Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм мафIэсымкIэ шынагъуэншагъэм и хабзэхэр зэрыщагъэзащIэр кIиплъэтэну;

12. Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм и унафэщIым (Даур М. Ш.) хуэгъэувын:

республикэ Ислъэсыщ1э псейм иращ1экIыну гуфIэгъуэхэм хуэхаха пщIэхэр мафIэсым щыкъумэныкIэ зыхуэфащэ Iуэхуэхэр илэжьыну;

мафIэс къэмыгъэхъуныкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм Iуэхум егъэщIыгъэ-гъэкIыным.

Ари мащIэкъым

ЩIэныгъэлI Iэзэу, къэхутакIуэ ахъыпрэзэману, сыт хуэдэ лэжьыгъэри къызэгъэпэщыным хуэIэкIуэльакIуэ щыта, цIыху гъуэгуанэ псэуа Джаурджий Хьэтыкъэ къытхэтыжьамэ, 2009 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм илъэс 80 хъунут. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы хуэзэфIэкIныр псори сэтей къимыщIу, и мурад псори мызащIэу, илъэсиба и пкIэ дунейм екъежащ.

ЛЪЭПКЪЫМ и къуэпажэхэм ящыщ Джаурджий Хьэтыкъэ и гъащIэр тыншу ирихьэкIуэу къэплъытэ хъунукъым. Ар ящыщщ «Хэку зауэшхуэм и бынкIэ» зэрдэхэм. Хьэтыкъэ и нэгу щIэкIащ зауэ бзаджэм къиша гуъгъуехьри, зауэ нэужь лэжьыгъэ хьэлъэри, мэжащIалIагъэри, щыгъныджагъэри.

Хьэтыкъэ зэрыжиIэжу щытамкIэ, ар хуеякъым егъэджакIуэ хъуну, ауэ къыхиха IэщIагъэр иужькIэ игу ирихьижащ икIи зэи абы хущIегъуэжакъым.

1951 гъэм Джаурджийм Къэбэрдей пединститутыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, абы щылажьэну къагъэнэжауэ щытащ. Арщхьэкlэ, куэд дэмыкIыу игъэзэжьи хуей хъуащ къыщыхъуэ Борыкъуей къуажэм. Й жылэм дэт курыт школым ар япэ щIыкIэ егъэджакIуэу, иужькIэ абы и унафэщIу щылажьащ. Псори хъарзынэт, лэжьыгъэри тэмэму екIуэкIырт, ауэ щIэныгъэм зи гур хъэщыкъ ищIа щIалэщIэм и псэр тепыIэртэкъым. Арати, Налшык къегъэзэжри аспирантурэм щIотIысхьэ, илъэсищым и кIуэцIкIэ и щIэныгъэм хегъахъуэ.

1956 гъэм Хьэтыкъэ аспирантурэр къеухри, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым и методистэу лэжьэн щIедзэ, илъэситI докIри абы и унафэщIу ягъэув.

Ар жьыдэру икIи зэфIэкI къиГъэлъагъуэу хэтщ е Iэдакъэщ1экIэр абы хуэдэ адрей тхыльхэм зэрефIэкIым, абы зэфIи гъэкIа лэжьыгъэм хуэдизу зиIэ ди щIэныгъэлI-хэмрэ методистхэмрэ зэрагъэмыштым. Абы и лъэныкъуэкIи щIэныгъэлI Iэзэу, методист IуэгъэзэджэУ, къыщIэзэпэщакIуэ ахъыпрэзэману щытам фIыщIэ хэха хуэфащ1ащ.

Джаурджий Хьэтыкъэ сыт и лъэныкъуэкIи Тхэр фIыкIэ эята щIыхь1эм ящыщт. А щIэныгъэлI гъуэзэджэр нобэ къытхэтыжкъым, ауэ абы дэлэжьахэм, и ныбжьэгъуахэм, и благъэхэмрэ я Iыхьлыхэмрэ ар зэи я гум ихуркъым.

ЕРЖЫБ Аслъэн,
педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат.

Джаурджий Хьэтыкъэ

• Фэеплъ

Джаурджий Хьэтыкъэ и Iулыдж лъагэр

Ныбжьэгъу пэжу сIалэхэм ящыщ куэд, ар сыт хуэдизу мыгушыIыхьэмк1, дунейм екъежащ. Абыхэм я языхъэмк1 и цIэ лъапIэр нобэр къызэдэсым си гум щызоГафIэ, я Iуэхущ1афэ тельыджэкIэр лъэпкъ щIэблэщIэм яхуэIуэтэныр дэ, нэхъыжьхэм, дызэрикъалэныр къызгуроIуэр, зэрысъэкIкIи яужь ситщ абы сэбэн сызэрыхуэхъуным.

ЗЭХЭГЪЭКИ сщIыркъым, зыми емыкIуи сыкъэшIыну къыщIэмыкIыжьыным, ауэ сIэщIэжа ныбжьэгъуфIэм ящыщу сигу нэхъыбэрэ къэкIыжыр си сабиигъэри, си гъащIэ псори зэрыщыту зыдэгъэкIуа, къызэралъхьэ уэ ильэс пщIей ирикъу, зи ахърэмыр нэху хуэдизу Джаурджий Хьэтыкъэ-рэ Сокъур Мусэрбийрэщ. Зы школ дызэрыщIедджам къыщымынэу, зы классым дызэрыщIэсам, лэжьыгъэ щIэдзэ нэужьи зы Iэнатl1эм - лъэпкъ щIэныгъэр къэIэтыным - дызэрыбгъэдэтам, куэдрэ дызэх уэзэу, дифIкIи ди ейкIи дызэрыщIу зэзэманыщхьэкIэ дыкъызэрызэдзгъэуГугрыкIуам сэ хуитныныгъэ къызэат а тIум языхъэмк1 нэхъ ехьэжьауэ сат епсэныхьыжьу, ядэлъэгъуэхэр сигу кьэзэгъэжьынэу.

Хэку зауэшхуэм зи сабиигъуэр хиубыда адрей псоми ещанэу, дэрэ бэ лыхьрэ хьэзабу ди фэдэкIам щIэрэ гъунэрэ иIэжьым. ГъэщIэгъэныр а ильэс щынагъуэхэм лъэпкъ сабийхэр мэжэщIалIагъэм къызэреларщ, хьыдан вакъэрэ гуэнщэрыкIыкIэ а лъэхъэнэр зэрырахьм, еджапIэхэр зэрамыгъэплъым, тхыль зэрамыIэм, зэрытхэн тхылъымпIэ зэрамыгъэтым щхьэкIи къамыгъанэу, ауэ къэжIэуэм фIыкIэ я эпIэмуэ зэрреджар, Борыкъуей школым а лъэхъэнэм Хьэтыкъэрэ Мусэрбийрэ щынэхъыфIу, предмет псоми хащIыкIыну зэрыщытам и щагъхэщ, зы ныбжькIыщ1э «Артек»-м я гъэдэуну Iэмал къыщIоуэ-къуэжам, а тIум кьыхахьыным щхьэкIэ еджапIэм и унафэщIэхэр гугъу зэрехьар.

Iэщ1агъэ зэрыхуэхъунур пасэу кьища хуэдэ, Хьэтыкъэ курыт еджапIэм щыщIэса къэнжащ1ыну. Ар и Iыхьлыхэм, и ныбжьэгъуэхэм, фIы зыхуищIахэм я гум ильэс, абы и щапхъэмкIэ щэбзлащIэм щIэныгъэ ират, яГъасэ, пэжыпсэм, захуагъэм, цIыхуГъэм щIапIыкI. Апхуэдэщ ди дежкIэ Джаурджий Хьэтыкъэм.

ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор.

ЕгъэджакIуэхэм я союзпсо съездым. *Москва, 1968 гъэ.*

Апхуэдэжэр зырызыххэщ

Джаурджий Хьэтыкъэ зыщIыхьыу, и лэжьэгъуу щытахэм нобэми ящы-гъупщэркъым ар щIэныгъэлI зэчиифIэу, унафэщIзэу, къызэгъэпэщакIуэ зэкIэлIэныгъэ зэрыщытар. Ар ныбжьэпсэукI зэманым и пэ илъэс куэдкIэ ищащ.

ХЬЭТЫКЪЭ лэжьыгъи 100-м щIигъу и Iэдакъэ къыщIэкIащ, еджакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ папщIэ Тхьпль куэд къыщIигъэкIащ. Абыхэм ящыщ монографиещ: Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и литературэмкIэ папщIэ программэ (5-11 кл.); Класс нэхъыжьхэм адыгэбзэр зэрыщегъэжьепхъэр; 5-11 классхэм папщIэ адыгэбзэмкIэ справочник; ЕджакIуэхэм папщIэ урыс-адыгэбзэ псалъэпсалъэ. Къыщынэмыщ1ауэ, къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и псалъалъэ зэхэзэпIъхьаxэм яхэтащ.

Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм щхьэкIэ Хьэтыкъэ къыхуагъэсэщащ «Гущ1эдэкI хьэлэлым папщIэ», Ушинский К. Д. и цIэкIэ щыIэ медалхэр, нэгъуэщI дамыгъэхэр. Ар СССР-м, РСФСР-м Щыхьэт егъэджэныгъэмкIэ я отличникт.

Нобэ къыстхэмытыж Джаурджий Хьэтыкъэ хэлижьа пщIэшхуэр нэсу Лъымысыжауэ къысщохъу. СызэрыгугъэмкIэ, гуп щхьэхуэ къызэгъэпэщауэ Джаурджийм и лэжьыгъэхэм хэплъэжьи, ахэр джыжьи хуейщ. ЩIэныгъэлI зэчиифIэм и пщIэр ящIэ1ата хъун папщIэ, ар щыпсэуа унэм фIэлъыпхъэщ и цIэр зытет пхъэбгъуи, щеджа школым Джаурджийм и цIэр фIэщыпхъэщ.

БАКЪ Зерэ,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм и советым и президиумымрэ 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м къыдагъэкIа Унафэ №306-ПП/22-2-р мкIэ къащтащ

Республикэм Ислъэсыщ1э псейм и гуфIэгъуэр щегъэкIуэкIыныкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр

Дышэкl М. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщ1ым)*

Евтушенкэ С. В.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм и тхьмадэм и къуэдзэр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщ1ым и къуэдзэм)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщ1ым и къуэдзэм)*

АфIэунэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкIэ и министрыр

Бакъ Ф. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралIуэхуэщIапIэхэмрэ жылагъуэ Iуэхутхэм я щIэныгъэмкIэ Iэнатl1эхэмрэ я лэжьакIуэхэм я профсоюзхэм я республикэ комитетым и унафэщIыр

Бесльэней Ч. М.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и агропромышленнэ комплексым и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщIыр

Бицу В. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ушынагъэр хъумэныкIэ и министрыр

Бышэн А. А.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрыр

Даур М. Ш. - Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм и унафэщIыр

Дорохина Л. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Жэмыхъуэ М. А.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, спортымкIэ и къуэдзэм и унафэщIыр

Иуан Ф. З. - «Урысей сабий фонд» урысейпсо жылагъуэ псапащ1э фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIынагъэ къуэдзэм и унафэщIыр

Карныш С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщIыр

Касумов С. Г. - къэралIуэ къуэдзэ Iуэхуэхэмкl1э и министр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и къуэдзэр - Къэралкъэ къуэдзэ Iуэхуэхэмкl1э и министрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм жылагъуэ щынагъэунэшагъэмкIэ и милицэм и унафэщIыр *(зэгурыIуэу)*

Пащ1ты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хъыбарегъащ1э Iэнатl1эхэмкIэ, жылагъуэ зэгурыIуэхэм ядэлэжьанымкIэ, щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкl1э и министрыр

Ульбашевэ З. И. - Лэжьыгъэмкl1э къэралинспекцэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и инспекторыр *(зэгурыIуэу)*

Фыырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр

Хьэгъэс З. А.- Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуэу)*

Шагин С. И.- Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и Iуэхуэхэмкl1э, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхуэу гузэвэгъуэхэм я лъэныкъэр гъэзэжьныныкIэ и министерствэм и Управленэ хъыщ1ыкъэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуэу).*

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Зи псалъэм пщIэ хуэтщIу диIа нэхъыжьыфI

Гуп сыхьыхьарэ зыу эрхэр зэзгъэцIыхуу Джаурджийхэр саззрыщыщыр жысIамэ, къызэупщI хабзэщ: «Джаурджий Хьэтыкъэ уи сыт?» - жаIэ. Ар си адэ къуэшщ, щыжысIэкIэ, а щIыр щэджащэм, гушIадIэу, псэ хьэлэту, пщIэ зыIу дунейм тетам, теухуауэ къыуэтэж хьыбархэр хуабжьу сфIэхьэлэмэщ. Зи псалъэм пщIэ хуэтщIу дыщIэдэIуу Джаурджийхэр диIа нэхъыжьыфIм сроин, сроугушхуэ, сропагэ.

СИ САБИИГЪУЭР Арыкъ кьуажэ щыкIуэм щесхьэкIащ сэ. А жылэрщI зыщыпсэуар Хьэтыкъэ, абы и адэ-анэри, и Iыхьлы дыдэхэри. Си балигъ хьугъуэм ар щIэныгъэкуу зыбгъэдэль щIыхушхуэу кьалъытэрт. А псом сыщымыгъэзащэми, ар кьуажэм ныщыкIуэжж зэманыр ди дежкIэ махуэшхуэ гуэрми ярейт: Хьэтыкъэ и псэ хуабагъэр, гу щабагъэр унагъэм ис дэтхэнэми кьытлъэсырт. Апхуэдэ гулыгтэр гукъинэ тщыхьэурти, ди адэ кьуэшым и адрей кьэкIуэжьигъуэм дыхуэпIащIэу дыпэплъэрт.

Курыт школыр кьэзухыу, еджапIэ Налшык сыщыкIуа ильэсым кьыщыщIэдзауэ Хьэтыкъэ гукIи гъэкIи нэхъ пэгъунэгъуэ сыхуэхьуауэ щытащ. Университетым сыщыщIэтIысхьами, абы кьыскихлъхьауэ щытащ сэ схуэдэ кьуажэдэс щIалэ щыкIуэр кьалъэшхуэм кьэжIуа нэужь зыхуэхъунур гушхуэнтIэр. Ар си щыбагъ кьыззэрыдэтым сригушхуэ кьудей мыхьуу, еджэнми (абы щыгъуэ кьалъэн нэхъыщхьэу сиIам) жэуаплиныгъэ зэрыпыщIари зыхэсщIэрт - кьэдрэ сегупсысырт: «Апхуэдэ щIэрыIуагъэрэ пщIэрэ щIэныгъэм щызиIэ си адэ къуэшыр згъэхьIытэну къеЗэгъэрыкъым», - жысIу. Си еджэным кIэлъыплъ, си гупсысэкIэ, дуней епльыIэхэм щыкIуэрыгъэз зэхуэсыщ1 Хьэтыкъэ и пщIэр сыГъэныир си дежкIэ мыхьэнэщхуэ зиIэ т.

Хьэтыкъэ и закъуэтэкъым гулыитэ кьыскхуэзыщIыр. Апхуэдэт абы и унагъуэм щIэс псори. Студенту сыщыщIа илъэсхэм абы и унагъуэм кьудрэ сихьащ сэ, дапщэщи Хьэтыкъэрэ и щхьэгъуэ Мэржанрэ хуабжьу кьысхуэгурагъэт, я бынхэм сыпащIу кьыскхуэгуащ1эт. Адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ зэрыщIэ унагъуэм ис псоми сигур щIэх дыдэу якIэрыпщIат. Нэхъыжьхэм яхэль хьэл-щэн дахэр зыхьалъхьажат я бынхэми. Нобэ абыхэм яIэщ щIэныгъэ, Iэщ1агъэ, ауэ псом нэхъ-рэ нэхъыжьыхьэр я адэ-анэм якуэдащ щIэблэ зэрыхьарщ. Ар фIыгъэщхуэщ дэтхэнэ нэхъыжьым и дежкIэ.

Лэжьэн щIэздзэу Налшык сыкъэIэпхъуа нэужь, Хьэтыкъэрэ сэрэ зэгъуэгу ди къуажэм дыкIуэжырт. Гъуэгу дыщытетми, унэм дыщихьэжми, цIыхуэм дыщыхуэзэ, - дапщэщи Хьэтыкъэ си деж1э щапхъэт. Абы зэманым пщIэшхуэ хуищIырт: зы дакьикъ купщIэншэу иГъэкIуэдынутэкъым, зэи уэригъажьэрэтэкъым, кьожьэ-ну фIэфIтэкъым. Апхуэдэу ар и щхьэкIи, игукIи, и гупсысэкIи цIыху кьабзэтьабзэт, зэщIэкъуат «Щыгъыныжь1 урагъэблагъэри, акьылымкIэ урагъэжьж» урыс псалъэжьым и дэтхэнэ Iыхьэми мыхьэнэшхуэ иритырт Хьэтыкъэ. Зи теплъэкIэ зэи дагъэ зыхуымыщIыну абы и гупсысэкэри кьыслуху зтынщэт. И ныбжьэгъуэм е и къажэгъуэ кьыдэтэ щIэныгъэм щызиIэ зи ди ныбжьэгъуэ «Гущ1эдэкI хьэлэлым папщIэ», Ушинский К. Д. и цIэкIэ щыIэ медалхэр, нэгъуэщI дамыгъэхэр. Ар СССР-м, РСФСР-м Щыхьэт егъэджэныгъэмкIэ я отличникт.

Нобэ кьыстхэмытыж Джаурджий Хьэтыкъэ хэлижьа пщIэшхуэр нэсу Лъымысыжауэ кьысщохъу. СызэрыгугъэмкIэ, гуп щхьэхуэ кьызэгъэпэщауэ Джаурджийм и лэжьыгъэхэм хэплъэжьи, ахэр джыжьи хуейщ. ЩIэныгъэлI зэчиифIэм и пщIэр ящIэ1ата хъун папщIэ, ар щыпсэуа унэм фIэлъыпхъэщ и цIэр зытет пхъэбгъуи, щеджа школым Джаурджийм и цIэр фIэщыпхъэщ.

БАКЪ Зерэ,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор.

И лэжьэгъуэр, и ныбжьэгъуэр, и кьуажэгъуэр и гъусэу. *1974 гъэ*

И унагъуэм и гъусэу. *1960 гъэ*